

Chapit 9
Stigma ak diskriminasyon




Partners In Health
Zanmi Lasante
Bo-Mphato Litsebeletsong tsa Bophelo
Inshuti Mu Buzima
Abwenzi Pa Za Umoyo

99

Chapit sa a bay enfòmasyon sou sa ki lakòz stigma ak diskriminasyon, sou konsekans yo genyen, epi li bay enfòmasyon sou sa nou kapab fè pou rezoud pwoblèm sa yo.

Stigma



Zanmi Lasante

100

Fi ki nan foto a rele Mari, li pral nan mache. Sa pa gen lontan mari l aprann tès li fè montre li gen viris VIH epi li gen tan malad byen mal. Moun nan zòn nan sispèk li gen viris VIH.

Ki sa w panse moun ki chita sou chèz sa yo ap panse?

Pou ki sa yo ta panse bagay kon sa?

Ki sa w panse Mari ap panse?

Ki jan w panse Mari santi l nan sitiyasyon sa a?

Lè moun panse kon sa, ki jan sa aji sou moun ki gen VIH/SIDA?


Stigma se lè yon moun santi l wont, oubyen li santi li pa gen valè poutèt moun panse yo pa ka asepte l oubyen yo panse li pa menm jan ak yo nan sèten bagay. Stigma se rezilta sa moun panse.

Men ki kategori moun ki plis viktim stigma: moun ki fè bagay pou lajan, moun ki nan dwòg, moun ki pòv, moun ki nan lòt relijyon, moun ki pa konn li ak ekri.

Men kèk stigma ki gen rapò ak VIH/SIDA: ka gen moun ki kwè moun ki gen VIH/SIDA se move moun yo ye, se moun ki sal, se bon pou yo, se moun ki fè bagay ak anpil moun, yo nan dwòg, yo bay moun k avè yo a zoklo (madanm ak mouche, mennaj), yo gen madichon, se Bondye k ap pini yo, yo pòv, yo pa ta dwe al lekòl oswa legliz.

Stigma kapab fè moun ki gen VIH/SIDA, fanmi yo ak moun k ap ba yo swen, santi se fòt yo, santi yo wont.

Diskriminasyon



Zanmi Lasante

101

Atitid negatif kont diferan gwoup moun kapab mennen diskriminasyon. Paregzanp, Ana nan klas 4èm epi se li ki pi bon elèv nan klas li a. Papa l pa gen twò lontan depi li mouri ak SIDA epi manman l ak ti frè li gen viris VIH.

Ki sa k ap pase nan foto sa a?

Pou ki sa lòt elèv nan klas Ana yo ap trete l fason sa a?

Ki jan w panse Ana santi l nan sitiyasyon sa a?

Ki jan w panse Ana pral reyaji nan sitiyasyon sa a?

Diskriminasyon se yon move fason yo trete yon moun oswa yon move fason yo aji ak yon moun poutèt gen moun ki panse moun sa a pa menm ak yo. Diskriminasyon se sa moun fè men se pa sa yo panse.

Men kèk fason yo fè diskriminasyon kont moun ki gen VIH/SIDA: moun joure yo epi yo fè tripotay sou do yo, moun pa mele ak yo, yo mete yo nan yon kwen, yo pa kite yo al lekòl, yo pa kite yo jwenn tretman doktè, yo pa kite yo antre nan aktivite tankou maryaj ak antèman, yo pa ba yo travay, epi moun refize chita pale ak yo, manje ak yo oubyen yo refize manyen yo.

Sa ki lakòz stigma ak diskriminasyon



Zanmi Lasante

102

Men kèk bagay ki lakòz stigma ak diskriminasyon: mank enfòmasyon, kwayans nan bagay ki pa reyalite ak nan move enfòmasyon, moun pè pou yo pa trape maladi, moun pè maladi ak lanmò, epi jijman moral ak lide moun gen nan tèt yo sou moun ki gen VIH/SIDA.

Konsekans stigma ak diskriminasyon



Zanmi Lasante

103

Akòz stigma ak diskriminasyon:

- Moun pa al fè egzamen epi yo pa al chèche tretman.
- Moun pa di moun ki avè yo a (madanm, mari, oswa mennaj) yo gen viris VIH.
- Moun pèdi travay yo.
- Vyolans nan kay ak kantite moun ki kite fanmi yo ogmante.
- Kantite timoun ki kite lekòl ogmante.
- Moun vin santi yo izole pou kont yo epi yo tris.
- Pwoblèm VIH/SIDA a vin pi grav.

Avantaj ki genyen lè yo redui stigma ak diskriminasyon



Zanmi Lasante

104

Lè stigma ak diskriminasyon diminye:

- Plis moun pral fè egzamen.
- Plis moun pral di moun ki avè yo a (madanm, mouche oswa mennaj) yo gen viris VIH/SIDA.
- Plis moun ap resevwa tretman.
- Moun ki gen VIH/SIDA pap santi yo tris oubyen yo pou kont yo.

**Evite stigma ak diskriminasyon
epi redui bagay sa yo**



Zanmi Lasante

105

Fètatansyon ak move atitid ou ta genyen.
Men kèk fason ou kapab ede evite stigma ak
diskriminasyon oubyen kèk fason ou kapab ede
redui yo:

- Bay moun nan zòn lakay ou enfòmasyon sou VIH/SIDA.
- Bay vrè esplikasyon pou bagay moun mal konprann ak kwayans yo genyen sou VIH/SIDA ki pa reyalite.
- Pale moun de danje ki genyen nan stigma ak diskriminasyon.
- Tounen yon modèl pou lòt moun, montre ou gen respè pou moun ki gen VIH/SIDA epi, pran swen yo.
- Fè moun ki gen VIH/SIDA patisipe nan chita tandè ak lòt moun nan zòn nan sou VIH/SIDA, sou stigma ak diskriminasyon pou ede moun nan zòn nan konprann bagay sa yo pi byen.